

## **BAB V**

### **KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI**

Dina ieu bab dipedar ngeunaan kacindekan tina hasil panalungtikan nu eusina nyaéta (1) kacindekan, (2) implikasi, jeung (3) rékoméndasi.

#### **5.1 Kacindekan**

Basa mangrupa salah sahiji alat pikeun komunikasi boh sacara lisan boh sacara tulisan. Nalika lumangsungna komunikasi, hususna komunikasi sacara tinulis tangtu urang kudu merhatikeun ngeunaan tata aksara nu merenah jeung kaédah Basa Sunda, lantaran upama aya kasalahan dina tulisan bisa ngabalukarkeun ayana kasalahan pamahaman pikeun nu maca.

Dumasar kana hasil panalungtikan, bisa dicindekkeun yén kasalahan grafologis dina téks laporan kagiatan siswa kelas X SMA Negeri 15 Bandung taun ajar 2023/2024 aya 711 data kasalahan. Dina ieu panalungtikan, data kasalahan nu kapaluruh ngawengku: (1) kasalahan makéna aksara aya 294 data kasalahan; (2) kasalahan nuliskeun kecap aya 65 data kasalahan; (3) kasalahan nuliskeun unsur serepan aya 306 data kasalahan; jeung (4) kasalahan makéna tanda baca aya 46 data kasalahan. Sangkan leuwih jéntré, data kasalahan diwincik deui dumasar kana jinis kasalahanna.

Kahiji, kasalahan makéna aksara nu kapaluruh aya 294 data kasalahan. Jinis kasalahan nu kapaluruh aya opat hal, ngawengku: (1) kasalahan makéna vokal aya 108 data; (2) kasalahan makéna konsonan aya 18 data; (3) kasalahan makéna aksara gedé aya 130 data; jeung (4) kasalahan makéna aksara condong aya 38 data.

Kadua, kasalahan nuliskeun kecap nu kapaluruh aya 65 data kasalahan. Jinis kasalahan nu kapaluruh aya dalapan hal, ngawengku: (1) kasalahan nuliskeun kecap rundayan aya 40 data; (2) kasalahan nuliskeun kecap kantétan aya 1 data; (3) kasalahan nuliskeun wancahan aya 3 data; (4) kasalahan nuliskeun kecap rajékan aya 5 data; (5) kasalahan nuliskeun kecap pangantét aya 10 data; (6) kasalahan nuliskeun kecap panganteb aya 1 data; (7) kasalahan nuliskeun gabungan kecap aya 1 data; jeung (8) kasalahan nuliskeun angka jeung bilangan aya 4 data.

Katilu, kasalahan nuliskeun unsur serepan nu kapaluruh aya 306 data kasalahan. Jinis kasalahan nu kapaluruh aya opat hal, ngawengku: (1) kasalahan nuliskeun unsur serepan tina basa Indonésia aya 177 data; (2) kasalahan nuliskeun unsur serepan tina basa Arab aya 13 data; (3) kasalahan nuliskeun unsur serepan tina basa Inggris aya 4 data; jeung (4) kasalahan nuliskeun basa nu kamalayon aya 112 data.

Kaopat, kasalahan makéna tanda baca nu kapaluruh dina ieu panalungtikan aya 46 data kasalahan. Jinis kasalahan nu kapaluruh aya tujuh hal, ngawengku: (1) kasalahan makéna tanda baca titik ( . ) aya 31 data; (2) tanda baca koma ( , ) aya 8 data; (3) tanda baca gurat condong ( / ) aya 1 data; (4) tanda baca titik dua ( : ) aya 3 data; (5) tanda baca titik koma ( ; ) aya 1 data; (6) tanda baca kekenteng ( “...” ) aya 1 data; jeung (7) tanda baca kurung ((...)) aya 1 data.

Kalima, faktor nu mangaruhan kana kasalahan grafologis siswa kapaluruh aya 5 faktor. Ieu hal bisa katitén tina hasil angkét nu eusina ngawengku: (1) kapangaruhan basa kosta kawilang luhur, lantaran 14 siswa (46,70%) jarang nyarita maké basa Sunda; (2) makéna basa Sunda kawilang kurang, lantaran 23 siswa (76,70%) jarang nulis maké basa Sunda; (3) pangaweruh ngeunaan tata aksara Sunda kawilang kurang, lantaran 19 siswa (63,30%) kurang wanoh ngeunaan tata aksara jeung éjahan basa Sunda; (4) karep pikeun diajar basa Sunda kawilang kurang, lantaran 17 siswa (56,70%) jarang diajar sacara mandiri ngeunaan éjahan basa Sunda; jeung (5) basa Sunda mangrupa basa indung siswa, aya dua pilihan nyaéta 19 siswa (63,3%) milih “enya” jeung 11 siswa (36,7%) milih “sanés”. Dumasar kana hasil kuésionér, bisa katitén yén basa Sunda salaku basa kahiji nu dipaké ku siswa kawilang réa. Nanging, nilik kana hasil analisis data kasalahan grafologis, masih kénéh réa kasalahan nalika nulis nu karandapan ku siswa. Ku kituna, bisa dicindekkeun yén basa Sunda salaku basa kahiji siswa teu ngajamin siswa bisa nytingkahán kasalahan nalika nulis maké basa Sunda.

## 5.2 Implikasi

Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahana tur ngajembaran paélmuan dina widang kabasaan hususna dina widang grafologi jeung éjahan. Ieu panalungtikan medar ngeunaan kasalahan grafologis nu nyoko kana Palanggeran Éjahan Basa Sunda, ngawengku kasalahan makéna aksara, kasalahan nuliskeun kecap, kasalahan nuliskeun unsur serepan, jeung kasalahan makéna tanda baca. Ieu hal bisa nambahana élmu anyar hususna pikeun siswa, umumna pikeun kabéh masarakat.

Dina widang atikan, ieu panalungtikan bisa jadi référénsi sarta média hususna pikeun siswa nu keur nyuprih élmu di sakola, sangkan wanoh ngeunaan kumaha cara nuliskeun kecap atawa kalimah luyu jeung kaédah basa Sunda.

## 5.3 Rékoméndasi

Dumasar hasil analisis sarta kacindekan nu geus di ébréhkeun di luhur, aya sawatara rékoméndasi nu patali jeung ieu panalungtikan.

### a. Pikeun Guru

Nilik kana kaayaan ayeuna, masih kénéh réa siswa nu teu bisa ngalarapkeun éjahan nu bener nalika nulis. Ku kituna, dipiharep sangkan guru ngawanohkeun tur ngajarkeun deui ngeunaan éjahan nu luyu jeung kaédah basana. Ieu hal bisa dilaksanakeun ku sababaraha cara, salah sahijina nyaéta bisa ngamangpaatkeun *teknologi* nu aya saperti maké aplikasi atawa hal-hal naon waé nu aya patalina jeung pangajaran basa Sunda.

### b. Pikeun Siswa

Nalika nulis siswa kudu taliti sarta kudu leuwih merhatikeun deui ngeunaan tata aksara nu dipaké, sangkan éjahan dina tulisan bener tur luyu jeung kaédah basa Sunda. Upama tulisan nu ditulis teu luyu jeung kaédah basa Sunda bisa ngabalukarkeun ayana pasalia pamahaman boh ka nu maca boh ka nu nulisna sorangan. Lantaran ieu hal bisa ngarobah harti jeung tujuan tina éta tulisan.

c. Pikeun Panalungtik Satulunya

Dipiharep kasalahan ngeunaan éjahan bisa disingkahan hususna ku siswa. Sangkan hal éta laksana, dipiharep aya panalungtikan nu nalungtik ngeunaan média pangajaran naon anu cocok pikeun pangajaran basa Sunda, hususna dina éjahan. Lian ti éta, ieu panalungtikan ngulik ngeunaan kasalahan grafologis nu aya patalina jeung éjahan basa Sunda. Ku kituna, dipiharep sangkan panalungtikan kahareupna bisa nalungtik ngeunaan kasalahan tata basa dina wangun lisan anu medar sora basa nalika nyarita maké basa Sunda.